

**GOOD SAMARITAN FAMILY HEALTH CENTER,
ki gen non komèsyal FAMILY HEALTH CENTER
VINCENNES, INDIANA
AVI SOU PRATIK KONSÈNAN KONFIDANSYALITE**

**AVI SA A DEKRI KÒMAN YO KAPAB ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL/KONPÒTMANTAL KI
KONSÈNE W YO AK KÒMAN OU KAPAB JWENN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO.
TANPRI, EGZAMINE L AVÈK ANPIL ATANSYON**

ANGAJMAN NOU KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL YO

Nou konprann enfòmasyon medikal ki konsène w yo ak sa ki konsène sante w yo pèsone. Nou pran angajman pou nou pwoteje enfòmasyon medikal ou yo. Nou kreye yon dosye sou swen ak sèvis w ap resevwa yo. Dosye sa a nesèse pou w ka jwenn bon jan swen epi pou nou konfòme nou ak yon seri egzijans legal. Avi sa a aplikab pou tout dosye (papyè oubyen elektwonik) ki konsène swen w yo epi ki sòti nan Good Samaritan Family Health Center.

Avi sa a ap enfòme w sou fason nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo. Nou dekri dwa w ak kèk egzijans konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal yo tou.

Lalwa egzijan pou nou:

- Asire nou enfòmasyon medikal yo rete konfidansyèl
- Fè w konnen egzijans legal nou yo ak pratik konsènan konfidansyalite enfòmasyon medikal ou yo
- Respekte kondisyon avi sa a ki an fonksyon aktyèlman an
- Enfòme responsab ki konsène yo si ta gen vyolasyon enfòmasyon medikal ki pa sekirize

KÒMAN NOU KAPAB ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO

Kategori sa yo dekri kòman nou kapab itilize oubyen divilge enfòmasyon medikal yo, avèk egzanp yo bay. Menmsi yo pa mansyone tout itilizasyon oubyen divilgasyon yo, tout aksyon yo otorize yo tonbe nan kategori sa yo.

- **Pou Tretman.** Nou kapab itilize enfòmasyon medikal ou yo pou nou ba ou yon tretman oubyen sèvis medikal. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo bay founisè swen sante, enfimiyè, teknisyen, etidyan nan medsin, etidyan ki nan staj klinik oubyen lòt manm pèsone Family Health Center ki patisipe nan ba w swen. Pa egzanp, yon founisè swen ap pataje enfòmasyon medikal ou yo pou l kapab kowòdone yon oryantasyon bay yon espesyalis. Divès depatman nan Family Health Center kapab pataje enfòmasyon medikal ou yo tou pou kowòdone sèvis ou bezwen yo, tankou preskripsyon, egzamen laboratwa ak radyografi. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo bay moun ki pa nan Family Health Center ki kapab kontribiye nan swen w yo deyò etablisman an.
- **Pou Pèman.** Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo pou yo kapab ba w fakti pou tretman ak sèvis w ap resevwa nan Family Health Center yo epi pou yo ka kolekte pèman an nan men w, nan men yon konpayi asirans oubyen nan men yon tyès pati. Nou kapab mete plan sante w la okouran de yon tretman w ap resevwa pou w jwenn yon otorizasyon davans oubyen nou ka detèmine si plan w lan ap kouvri tretman an.
- **Nan Kad Operasyon Swen Sante.** Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo pou rezon ki gen rapò ak fonksyonman Family Health Center. Itilizasyon ak divilgasyon sa yo nesèse pou fè Family Health Center fonksyone epi pou asire nou tout pasyan nou yo ap resevwa bon jan swen. Pa egzanp, nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal pou egzamine tretman ak sèvis nou yo, pou evalye pèfòmans manm pèsone nou yo nan swen n ap ba ou yo, oubyen pou bay ajans akreditasyon k ap evalye pèfòmasyon nou yo. Nou kapab konbine enfòmasyon medikal konsènan plizyè pasyan nan Family Health Center pou evalye sèvis aktyèl yo epi pou detèmine sèvis siplemantè Family Health Center ta dwe ofri yo. Nou kapab divilge enfòmasyon bay doktè, enfimiyè, teknisyen, etidyan nan medsin, etidyan ki nan staj klinik ak bay lòt manm pèsone nan Family Health Center pou egzamen ak aprantisaj. Nou kapab konbine enfòmasyon medikal nou genyen yo ak pa lòt founisè swen sante pou n kapab konpare pèfòmasyon nou yo ak domèn kote nou kapab amelyore swen ak sèvis n ap bay yo. Nou kapab siprime enfòmasyon ki idantifye w nan tout enfòmasyon medikal sa yo pou lòt moun kapab itilize yo pou yo etidye swen sante epi pou yo bay swen sante yo san yo pa konnen idantite pasyan yo.

- Rapèl pou Randevou yo. Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal yo pou nou kontakte w pou n raple ou genyen yon randevou nan Family Health Center.
- Lòt Tretman. Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal yo pou nou enfòme w oubyen pou nou rekòmande w opsyon oubyen lòt tretman ki kapab enterese w.
- Avantaj ak Sèvis Ki Gen Rapò ak Sante. Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal yo pou nou mete w okouran de avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante ki ka enterese w.
- Aktivite Kolèk Fon. Nou kapab divilge enfòmasyon nan kad aksyon kolèk fon. Si w pa ta renmen pou Family Health Center rele w nan kad aksyon kolèk fon, ou gen dwa pou w refize resevwa tip enfòmasyon sa yo pandan w ap fè Family Health Center konnen sa.
- Moun ki Enplike nan Pran Swen w oubyen nan Pèman pou Swen w yo. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo bay moun ou te idantifye nan fòmilè Divilgasyon Enfòmasyon Medikal ki Pwoteje a. Anplis de sa, nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo bay yon antite k ap patisipe nan yon operasyon sekou si ta gen yon katastwòf, pou yo kapab ba w swen medikal.
- Rechèch. Nan yon seri sikonstans, nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo pou kesyon rechèch. Pa egzanp, yon pwojè rechèch kapab mande pou yo konpare sante ak retablisman tout pasyan k ap pran yon medikaman ak sa k ap pran yon lòt pou menm maladi a. Men, tout pwojè rechèch yo dwe antre nan yon pwosedi apwobasyon espesyal. Pwosedi sa a evalye yon pwojè rechèch yo pwopoze ak itilizasyon li fè de enfòmasyon medikal yo, pandan l ap eseye jwenn yon ekilib ant bezwen rechèch la ak bezwen pasyan yo pou yo prezève konfidansyalite enfòmasyon medikal yo. Avan w itilize oubyen divilge enfòmasyon medikal yo pou kesyon rechèch, yo dwe apwouve pwojè a nan kad pwosedi apwobasyon rechèch la. N ap mande w otorizasyon espesifik ou si chèchè a gen aksè ak non w, adrès ou ak lòt enfòmasyon ki revele kiyès ou ye, oubyen si li enplike nan swen w ap resevwa nan Family Health Center.
- Jan Lalwa Egzije sa. N ap divilge enfòmasyon medikal ou yo lè lwa federal, etatik oubyen lokal la egzije sa.
- Pou w Evite yon Menas Grav pou Sante w oubyen pou Sekirite w. Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo lè sa nesèsè pou evite yon menas grav pou sante w ak sekirite w oubyen pou sante ak sekirite piblik la oubyen pou yon lòt moun. Men, tout divilgasyon yo ap fèt sèlman bay yon moun ki kapab ede nou evite menas la.
- Organized Healthcare Arrangement (OHCA) Good Samaritan Family Health Center fè pati Organized Health Care Arrangement (OHCA) ki gen ladan patisipan Clinically Integrated Network of Indiana (CINI) yo. Gen yon lis patisipan CINI ajou ki disponib sou www.cinindiana.com. Antanke yon asosye komèsyal Good Samaritan Family Health Center, CINI bay Good Samaritan Family Health Center ak lòt patisipan CINI yo teknoloji enfòmasyon ak sèvis ki asosye avè l yo. CINI angaje l nan aktivite evalyasyon ak amelyorasyon kalite yo nan non patisipan li yo. Pa egzanp, CINI kowòdone aktivite egzamen klinik yo nan non òganizasyon ki konsène yo pou etabli prensip pou pi bon pratik epi evalye avantaj klinik ki kapab sòti nan itilizasyon sistèm dosye medikal elektwonik yo. CINI ede patisipan yo travay an kolaborasyon tou pou amelyore jesyon referans entèn ak ekstèn pasyan yo. Good Samaritan Family Health Center kapab pataje enfòmasyon medikal pèsònèl ou yo ak lòt patisipan nan CINI oubyen avèk yon rezo echanj enfòmasyon sou sante sèlman lè sa nesèsè pou yon tretman medikal oubyen pou bezwen operasyonèl swen sante nan òganizasyon k ap kowòdone swen sante yo. Operasyon swen sante yo ka gen ladan yo, pa egzanp, jewokodaj zòn kote w rete a pou amelyore avantaj klinik w ap resevwa yo.

Enfòmasyon medikal pèsònèl yo ka genyen ladan yo enfòmasyon medikal nan tan pase, prezan ak fiti ansanm ak enfòmasyon ki dekri nan Règ Konfidansyalite yo. Enfòmasyon yo, nan limit yo divilge yo a, y ap divilge dapre Règ Konfidansyalite yo oubyen tout lòt lwa ki aplikab, selon jan yo modifiye yo detanzantan. Ou gen dwa pou w chanje avi epi retire konsantman w; men yo ka gentan bay enfòmasyon yo deja jan ou te bay otorizasyon an pou sa. Konsantman sa a ap rete an vigè jiskaske ou revoke l pa mwayen yon nòt ekri. Sou demann, w ap resevwa yon lis antite yo te gentan divilge enfòmasyon w yo ba yo a.

SITIYASYON PATIKILYE

- Don Ògàn ak Tisi. Si w se yon moun k ap fè don ògàn, nou kapab divilge enfòmasyon medikal bay òganizasyon k ap jere koleksyon ògàn yo oubyen transplantasyon ògàn, je oubyen tisi, oubyen bay yon ajans don ògàn, si sa nesèsè pou fasilite don ak transplantasyon ògàn oubyen tisi.
- Militè ak Veteran. Si w se yon manm nan fòs lame yo, nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo si otorite kòmandman militè a egzijè sa. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal pèsonèl militè etranje a bay otorite militè etranje ki konsène a.
- Dedomajman Travayè. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo nan kad yon pwogram dedomajman travayè oubyen yon pwogram ki menmjan ak sa. Pwogram sa yo bay avantaj si ta gen aksidan oubyen maladi ki lye ak travay.
- Risk pou Sante Piblik. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo nan kad aktivite sante piblik. Jeneralman, aktivite sa yo genyen ladan yo:
 - Fè prevansyon oubyen kontwòl yon maladi, yon blese oubyen yon andikap
 - Deklare nesans ak lanmò
 - Sinyale reyaksyon ak medikaman yo oubyen pwoblèm ki lye ak yon seri pwodui
 - Mete moun yo okouran de pwodui yo ka ap itilize yo retire sou mache a
 - Enfòmasyon yon moun ki ka te ekspozè ak yon maladi oubyen riske transmèt oubyen pwopaje yon maladi oubyen yon pwoblèm sante
 - Enfòmasyon otorite gouvènmantral ki apwopriye a si nou estime yon pasyan te viktim abi, neglijan oubyen vyolans domestik. N ap fè divilgasyon sa a sèlman si ou bay konsantman w oubyen si lalwa egzijè l oubyen otorize l.
- Aktivite Kontwòl Sante. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal bay yon ajans kontwòl sante nan kad aktivite lalwa otorize yo. Aktivite kontwòl sa yo gen ladan yo, pa egzanp, verifikasyon, ankèt, enspeksyon ak bay lisans. Aktivite sa yo nesèsè pou gouvènman an kapab kontwòl sistèm swen sante a, pwogram gouvènmantral yo ak respè lwa sou dwa sivil yo.
- Pwosè ak Konfli. Si w enplike nan yon pwosè oubyen yon konfli, nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo kòm repons ak yon òdonans jidisyè oubyen administratif. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo kòm repons ak yon konvokasyon devan tribinal, yon demann komunikasyon oubyen tout lòt pwosedi legal ki soti bò kote yon lòt moun ki enplike nan konfli a, men sèlman si gen efò ki te fèt pou mete w okouran de demann lan oubyen pou jwenn yon òdonans k ap pwoteje enfòmasyon yo mande yo.
- Fòs Lòd. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal si yon reprezantan fòs lòd mande nou pou nou fè sa nan objektif pou:
 - Reponn ak yon òdonans jidisyè, yon konvokasyon devan tribinal, yon manda, yon asiyasyon oubyen yon pwosedi ki menmjan ak sa;
 - Idantifye oubyen lokalize yon moun yo soupsonne, yon moun ki sove, yon temwen enpòtan oubyen yon moun ki disparèt;
 - Asiste yon moun ki viktim yon krim, si nan kèk sikonstans limite, nou pa ka jwenn akò moun lan;
 - Sinyale yon lanmò nou panse ki ta ka rezilta yon zak kriminèl;
 - Sinyale yon konpòtman kriminèl nan Family Health Center; epi
 - Nan ka ijans, pou sinyale yon krim, lokalizasyon krim lan oubyen viktim yo, oubyen idantite, deskripsyon oubyen lokalizasyon moun ki te komèt krim lan.
- Pwokirè, Doktè Lejis ak Direktè Ponp Finèb. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal bay yon pwokirè oubyen yon doktè lejis. Sa kapab nesèsè, pa egzanp, pou idantifye yon moun ki mouri oubyen pou detèmine koz lanmò a. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal pasyan Family Health Center yo bay antrepriz ponp finèb yo, nan mezi sa nesèsè nan egzèsis fonksyon yo.
- Sekirite Nasyonal ak Aktivite Ransèyman. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo bay ajan federal ki otorize yo nan kad aktivite ransèyman, kont espyonaj ak lòt aktivite ki lye ak sekirite nasyonal lalwa otorize.
- Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan ak pou Lòt Moun. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo bay ajan federal ki otorize yo pou yo kapab asire pwoteksyon prezidan an ak lòt moun ki otorize pami chèf leta etranje yo pou mennen ankèt espesyal.
- Prizonye. Si ou se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oubyen ou sou siveyans yon ofisye fòs lòd yo, nou kapab divilge enfòmasyon medikal ou yo bay enstitisyon koreksyonèl la oubyen bay ofisye fòs lòd la. Divilgasyon sa a t ap nesèsè (1) pou enstitisyon an kapab ba ou swen sante; (2) pou pwoteje sante w ak sekirite w oubyen sante ak sekirite lòt moun yo; (3) pou asire sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

- Nòt Sikoterapi. Nou dwe jwenn yon otorizasyon pou tout itilizasyon oubyen divilgasyon nòt sikoterapi, sof itilizasyon otè a fè pou tretman; itilizasyon oubyen divilgasyon nou fè pou pwòp pwogram fòmasyon nou yo; itilizasyon oubyen divilgasyon nou fè pou nou defann tèt nou nan kad yon pwosè w ap fè kont nou; divilgasyon bay Sekretè Sante ak Sèvis Sosyal yo pou detèmine nou respekte règleman sou konfidansyalite a; divilgasyon lalwa egzijè; divilgasyon yo otorize nan kad aktivite kontwòl sante; divilgasyon bay yon pwokirè, yon doktè lejis, oubyen yon direktè ponp finèb nan egzèsis fonksyon yo; oubyen divilgasyon pou anpeche oubyen pou diminye yon menas grav epi ki pwòch pou sante oubyen pou sekirite yon moun oubyen piblik la.

DWA OU YO KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU

Ou gen dwa sa yo konsènan enfòmasyon medikal nou kenbe sou ou yo:

- Dwa pou Enspekte epi pou w fè Kopi. Ou gen dwa pou enspekte epi jwenn kopi enfòmasyon medikal yo ka itilize pou pran desizyon konsènan swen ou. Sa gen ladan dosye medikal ak faktirasyon, men nòt sikoterapi yo pa ladan l.

Si ou mande yon kopi enfòmasyon an, nou ka fè ou peye yon frè pou kopi a, pou nou voye l pa lapòs, oswa pou lòt depans ki asosye ak demann ou an. Pou enspekte epi resevwa kopi enfòmasyon medikal yo ka itilize pou pran desizyon sou ou, kontakte Family Health Center nan 812-494-9501.

- Dwa pou Modifye. Si ou santi enfòmasyon medikal nou genyen sou ou a pa kòrèk oswa pa konplè, ou ka mande nou pou nou korije enfòmasyon yo. Ou gen dwa mande yon modifikasyon toutotan enfòmasyon yo konsève.

Pou mande yon modifikasyon, ou dwe fè demann ou an alekri epi soumèt li bay PDG Family Health Center. Anplis de sa, ou dwe bay yon rezon ki pou sipòte demann ou an.

Nou ka refize demann ou an pou yon modifikasyon si li pa alekri oswa si li pa gen yon rezon ki pou sipòte demann lan. Anplis de sa, nou ka refize demann ou an si ou mande nou pou nou modifye enfòmasyon:

- Nou pa t kreye l, sof si moun oswa antite ki te kreye enfòmasyon an pa disponib ankò pou fè modifikasyon an;
- Pa fè pati enfòmasyon medikal Family Health Center konsève yo.
- Pa fè pati enfòmasyon ou ta gen dwa enspekte epi resevwa kopi; oswa
- Li egzakte epi konplè.

- Dwa pou w Jwenn yon Relve sou Divilgasyon yo. Ou gen dwa mande yon "relve sou divilgasyon yo." Sa a se yon lis divilgasyon nou te fè ak enfòmasyon medikal ou yo, eksepte divilgasyon pou rezon tretman, pèman oswa operasyon swen sante. Tout divilgasyon ou otorize alekri p ap nan lis sa tou.

Pou mande yon relve sou divilgasyon yo, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay PDG Family Health Center. Demann ou an dwe endike yon peryòd tan. Demann ou an ta dwe endike nan ki fòm ou vle lis la (egzanp, sou papye, elektwonikman). Premye lis ou mande a nan yon peryòd 12 mwa ap gratis. Pou lòt lis yo, nou ka fè w peye pou pri lis la. N ap fè w konnen kisa sa ap koute w, epi ou ka chwazi retire oswa modifye demann ou an nan moman sa a anvan nou peye nenpòt frè.

- Dwa pou Mande Restriksyon. Ou gen dwa mande yon restriksyon oswa yon limitasyon sou enfòmasyon medikal n ap itilize oswa divilge sou ou pou tretman, pèman oswa operasyon swen sante. Ou gen dwa tou pou w mande yon restriksyon sou enfòmasyon medikal n ap divilge sou ou bay yon moun ki enplike nan swen ou oswa nan pèman pou swen ou yo, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi. Pa egzanp, ou ta ka mande nou pou nou pa itilize oswa divilge enfòmasyon sou nenpòt pwosedi chirijikal ou te ka sibi.

Nou pa oblije dakò ak demann ou an sof jan sa endike anba a. Si nou dakò, n ap konfòme nou ak demann ou an sof si enfòmasyon an nesèse pou ba ou tretman ijans. Pou mande restriksyon, ou dwe fè demann ou an alekri bay Family Health Center nan adrès ki nan fen avi sa a. Nan demann ou an, ou dwe di nou (1) ki enfòmasyon ou vle limite; (2) si ou vle limite itilizasyon nou, divilgasyon nou, oswa toude; epi (3) pou ki moun ou vle restriksyon yo aplike, egzanp, divilgasyon bay konjwen ou. Nou dwe dakò ak demann ou an pou limite divilgasyon enfòmasyon medikal ou bay yon plan sante si divilgasyon an se pou rezon resevwa pèman oswa lòt operasyon swen sante, lalwa pa egzijè divilgasyon an, epi enfòmasyon medikal la gen rapò ak sèvis ou fin peye nèt pou yo.

- Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl. Ou gen dwa pou mande nou kominike avèk ou sou zafè medikal nan yon fason oswa nan yon kote patikilye. Egzanp, ou ka mande pou nou kontakte w sèlman nan travay ou oswa pa lapòs.

Pou mande kominikasyon konfidansyèl, ou dwe fè demann ou an alekri bay PDG Family Health Center nan adrès ki nan fen avi sa a. Nou p ap mande w rezon pou demann ou an. N ap reponn ak tout demann ki rezonab. Demann ou an dwe presize kijan oswa ki kote ou vle yo kontakte ou.

- Dwa pou w jwenn yon kopi papye nan Avi sa a. Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi papye nan avi sa a. Ou ka mande nou pou nou ba ou yon kopi nan avi sa a nenpòt ki lè. Menm si ou te dakò pou resevwa avi sa a elektwonikman, ou toujou gen dwa pou resevwa yon kopi nan avi sa a sou papye.

CHANJMAN NAN AVI SAA

Nou gen dwa pou nou pote chanjman nan avi sa a. Nou gen dwa pou nou fè avi ki revize a oswa ki modifiye aplikab ak enfòmasyon medikal nou te deja genyen sou ou, ansanm ak nenpòt enfòmasyon nou gen pou nou resevwa alavni. N ap afiche yon kopi nan avi aktyèl la nan Family Health Center. Avi a ap genyen, sou premye paj la, nan kwen anwo adwat la, dat li antre an vigè a.

PLENT

Si ou panse yo vyole dwa ou genyen sou vi prive, ou ka depoze yon plent bay Good Samaritan Family Health Center oswa bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la. Pou w depoze yon plent nan Family Health Center, kontakte PDG Family Health Center nan 812-494-9501. Tout plent yo dwe soumèt alekri. Yo p ap penalize w si ou depoze yon plent.

LÒT ITILIZASYON YO FÈ AK ENFÒMASYON MEDIKAL YO

Lòt itilizasyon ak divilgasyon yo fè ak enfòmasyon medikal ki pa kouvri nan avi sa a oswa nan lwa ki aplikab pou nou yo ap fèt sèlman avèk pèmasyon alekri ou. Si ou ba nou pèmasyon pou nou itilize oswa ppou nou divilge enfòmasyon medikal sou ou, ou ka revoke pèmasyon sa a, alekri, nenpòt ki lè. Si ou revoke pèmasyon ou an, nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo ankò pou rezon ki endike nan otorizasyon ekri ou an. Ou konprann nou pa kapab retire nenpòt divilgasyon nou te deja fè avèk pèmasyon ou, epi nou oblije konsève dosye swen nou te ba ou a.

Nou dwe jwenn pèmasyon alekri pou nenpòt itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sante pwoteje pou maketin, sof si kominikasyon an se yon kominikasyon fasafas nou fè avè w oswa se yon kado pwomosyonèl ki gen yon valè nominal nou ba ou. Si y ap peye nou pou nou fè maketin lan, pèmasyon alekri ou a ki siyen an dwe endike y ap peye nou. Nou dwe jwenn pèmasyon alekri nan men ou pou nenpòt divilgasyon enfòmasyon sante pwoteje, ki se vant enfòmasyon sante pwoteje, epi pèmasyon alekri sa a dwe endike y ap peye nou pou divilgasyon an.

Si ou gen kesyon sou avi sa a, tanpri rele Family Health Center nan 812-494-9501.